



# BEZWEN ÈD AVÈK IPOTÈK OU A?

Fon Asistans pou Pwopriyetè Kay nan Massachusetts isit la.

## KONSÈNAN MASS HAF

Fon Asistans pou Pwopriyetè Kay nan Massachusetts (Mass HAF) disponib pou pwopriyetè kay ki an reta nan peman ipotèk yo akòz pandemi COVID-19 la. Si sa apwouve, fanmi yo elijib pou jiska \$50,000 nan asistans. Objektif HAF se pou anpeche sezi ak deplasman pwopriyetè kay ki elijib yo. Mass HAF finanse pa American Rescue Plan Act (ARPA).

### Ou kapab kalifye pou Mass HAF si:

- ✓ Ou se pwopriyetè epi w ap viv nan yon kondominyòm, yon kay pou yon sèl fanmi, oswa yon pwopriyete pou 2, 3 oswa 4 fanmi nan Massachusetts
- ✓ Ou gen pou pi piti 3 mwa reta sou peman ipotèk ou
- ✓ Ou menm oswa yon moun lakay ou te gen revni yo bese, oswa depans yo ogmante, apre 21 janvyè 2020 akòz pandemi COVID-19 la. Sa ki enkli pèt travay, mwens èdtan travay, peye plis pou gadri, maladi, oswa pa kapab travay paske ou te oblije pran swen yon manm fanmi.
- ✓ Ou respekte limit [revni pwogram nan](#) (limit revni yo se 150% nan AMI - revni medyan rejyon an)

### E SI M DWE PLIS PASE \$50,000?

**Mass HAF ap peye jiska \$50,000** epi ajan sèvis ou a kapab ofri yon plan pou ede w ratrape sou rès montan ou dwe a. Ajan sèvis ou a se nenpòt moun ou peye ipotèk ou a.

### KIJAN MASS HAF KAPAB EDE M?

Si yo apwouve w pou Mass HAF la, w ap resevwa asistans pou peye vèsman ipotèk ki anreta yo. Si w genyen tou peman anreta sou taks sou pwopriyete, asirans, oswa frè ko-pwopriyetè/pwopriyetè, ou ka anmezi pou resevwa èd adisyonèl.



### ÈSKE M AP RESEVWA LAJAN AN DIRÈKTEMAN

**Non.** Si yo apwouve w, lajan an prale dirèkteman nan men founisè prè ipotèk ou a (konpayi ki resevwa peman ipotèk ou yo). Y ap enfòmè w sou konbyen asistans yo te bay ak kijan yo te itilize l.

### ÈSKE M AP BEZWEN RANBOUSE LAJAN AN?

**Non,** asistans la se yon sibvansyon, pa yon prè. Ou p ap gen pou w ranbouse lajan an.

## KIJAN POU M APLIKE?

-  Aplikasyon an anliy. Aprann plis epi aplike sou [massmortgagehelp.org](https://massmortgagehelp.org). Ou kapab tou ranpli yon ti tès depistaj sou entènèt pou wè si w kalifye.
-  Pou enfòmasyon jeneral sou Mass HAF oswa mizajou sou estati aplikasyon w lan, ou ka rele Sant Apèl HAF la nan (833) 270 – 2953, Lendi pou rive Samdi, 8 nan maten rive 7 nan aswè (sèvis entèprèt yo disponib). Ou kapab travay tou avèk yon ajans ki bay konsèy sou lojman ki pa gen objektif fè lajan ki kapab ede w aplike. Ou kapab jwenn yon lis ajans ki bay konsèy sou lojman sou [massmortgagehelp.org](https://massmortgagehelp.org).

[massmortgagehelp.org](https://massmortgagehelp.org)

Pwojè sa sipòte, annantye oswa an pati, nan nimewo prim federal HAF0174 la pa Depatman Trezò Ameriken an bay Commonwealth nan Massachusetts.

